

Fete an sekirite!

Kèk konsèy pou rete an sekirite pandan sezon fèt yo



Prepare w pou selebre fèt yo an sekirite. Fete toutpandan w ap pwoteje pwòch ou yo e w ap anpeche COVID-19 la gaye: pa vwayaje (fete lakay ou!); pa òganize ni asiste okenn fèt an pèsonn (pito ale nan fèt vityèl!); epi pa rasanble nan gwoup, men pito fete ak moun ki nan fwaye a sèlman (mwens se plis!). Men kèk ti konsèy sou fason ou ka fete.



Kèlkeswa jan w ap selebre, toujou suiv kat konsèy enpòtan sa yo:

Rete lakay: Selebre lakay ou, sitou si w pa santi w byen, si w te gen yon tès COVID-19 pozitif, si w te gen yon kontak sere avèk yon moun ki gen COVID-19, oubyen si w te vwayaje sa pa gen lontan.

Kenbe distans ou: Kenbe omwen yon distans 6 pye ak lòt moun yo. Pa asiste okenn fèt ni okenn lòt rasanbleman, sitou sa ki fèt anndan yo.

Mete yon kachnen: Pwoteje moun ki bò kote w yo. Ou kapab gen COVID-19 san w pa konn sa.

Kenbe men ou pwòp: Lave men w souvan oswa itilize dezenfektan pou men ki abaz alkòl. Evite manyen figi w ak men w ki pa lave epi kouvri nen w ak bouch ou lè w ap touse oswa estènen.

Aktivite ki gen mwens danje pou fèt yo

- **Òganize yon fèt vityèl.** Òganize yon soupe videyo pou selebre ansanm ak zanmi w yo ak fanmi w. Di ane 2020 an orevwa nan yon bal Nouvèlan oswa grasa yon dans ak aplikasyon TikTok.
- **Dekore kay la.** Mete dekorasyon tankou yon pye sapen, yon menora, yon kinara, yon kouwòn oswa limyè Nwèl. Fè yon ti mache nan katye w la epi gade jan yo dekore kay yo ak boutik yo. Al bwè yon chokola cho oswa yon sid cho.
- **Gaye espri fèt yo.** Depoze yon bwat chokola devan pa pot vwazen w pou fè l kontan. Voye kat ve bay kòlèg ou yo pa lapòs oswa rele yon zanmi ou pa pale avè l depi yon bon ti tan. Envite yon moun ki gendwa poukont li pou l asiste soupe Thanksgiving lan oswa soupe fendane a ansanm avè w.
- **Al chante deyò.** Bay mizik la kòm kado. Mete yon kachnen epi kenbe yon distans 12 pye ak lòt moun (viris la ka gaye pi fasil lè moun ap chante, konsa li enpòtan pou kenbe yon pi gwo distans).
- **Pwofite nèt la.** Fè yon moun ak nèt, al fè lij, mete rakèt nèt nan pye w oswa batay ak boul nèt ak lòt moun.
- **Achte sa ou bezwen pou fèt yo.** Pa kite Black Friday mennen w nan COVID Monday! Achte sou Entènèt pou evite foul moun yo (epi pou evite goumen pou jwenn dènye machandiz ki rete sou etajè yo) oswa rele magazen prefere w davans pou li remèt ou sa ou te achte a devan pòt magazen an. Si w ap soti pou achte, mete yon kachnen, itilize dezenfektan pou men epi deplase lè pa gen twòp moun deyò a.
- **Fè yon festen.** Kuit kodenn nan ak tout sa ki vini avè l la. Manje sa ou pi renmen manje a epi bwè yon ti ègnòg, ou merite sa!
- **Gade foutbòl epi suiv emisyon prefere w yo.** Kenbe tradisyon tele w yo epi, lè ekip ou mete yon gòl, fè yon ti danse pou montre jan ou kontan.



Sèvis relijye

Ka gen danje nan sèvis ki fèt anndan yo poutèt yo gen anpil moun nan yon zòn ki fèmèn. Si w ap patisipe nan sèvis relijye:

- **Asiste yon evènman vityèl oswa ki fèt deyò.** Patrisipe nan sèvis yo òganize sou Entènèt oswa ki fèt deyò.
- **Se pou w pare.** Pran epi itilize dezenfektan pou men, epi veye pou tout mounki gen dezan oswa plis pote yon kachnen toutan.
- **Kenbe distans ou.** Chita bò kote moun ki fè pati fwaye w sèlman epi kenbe yon distans omwen sis pye ak lòt moun. Pa bliye pou kenbe yon distans 12 pye si nou pral chante.
- **Pote pwòp bagay pa w yo (BYO, Bring your own).** Pote pwòp liv chan pa w ak tout sa ou bezwen pou seremoni a ansanm avè w. Pa janm bwè nan menm gode ak lòt moun.



Rasanbleman yo

Lè anpil moun rasanble, sitou anndan, gen plis risk pou COVID-19 la gaye. Yon rasanbleman fè distansyasyon fizik la pi difisil, lèfini moun yo pa ka mete yon kachnen pandan y ap manje e pandan y ap bwè. Sonje, menm moun ki pa gen sentòm yo ka gaye viris la. Sepandan, si w pral rankontre lòt moun, fete jan ou pa t janm fè sa anvan! Sa vle di:

- **Konnen pwòp risk ou:** Si se granmoun aje ou ye oswa si w gen yon pwoblèm sante ki fè w gen plis risk pou pran yon maladi grav akòz COVID-19 la, rete lakay ou pou fèt yo.
- **Konnen risk lòt moun:** Rankontre moun ou konnen ki fè atansyon pou sèvi ak kachnen e ki kenbe yon distans omwen sis pye ak lòt moun sèlman.
- **Fè tès.** Fè yon tès pou COVID-19 **anvan** ou rankontre yon granmoun aje oswa lòt moun ki ka gen plis risk pou pran yon maladi grav akòz COVID-19 la, epi fè yon tès **apre** ou asiste yon rasanbleman oswa apre ou vwayaje.
- **Kèk grenn moun sèlman:** Plis gen moun ki rasanble toupre youn lòt, plis gen risk pou COVID-19 la gaye.
- **Deyò gen mwens danje:** Rasanble deyò pou fete ak lòt moun. COVID-19 la gaye pi fasil anndan poutèt gen mwens lè ki sikile. Sa sitou konsa nan sezon fredri poutèt yo toujou fèmen pòt yo ak fenèt yo.
- **Bay moun akolad vityèl.** Malerezman, nenpòt kontak fizik sere ak yon moun ki pa fè pati fwaye w se yon danje pandan pandemi COVID-19 la.
- **Kenbe pwòp asyèt pa w:** Pa pataje asyèt ou yo ni gode w yo ak lòt moun, epi pa pran okenn repa kote tout moun manje nan menm plat.



Vwayaj

Ou pa ta dwe vwayaje ane sa a. Vwayaje se yon risk ni pou ou, ni pou fanmi w, ni pou kominote w. Yon moun ki retounen lakay li apre yon vwayaj gendwa kòmanse gaye maladi a nan kominote l la. Sepandan, si w oblije vwayaje pandan sezon fèt yo:

- **Rete nan zòn nan.** Se pi bon ane pou w pwofite pi bèl vil ak pi bèl eta peyi a.
- **Vwayaje an sekirite.** Kenbe distans ou ak lòt moun, pran epi itilize dezenfektan pou men, epi veye pou tout moun ki gen dezan oswa plis pote yon kachnen. Gade enstriksyon sekirite pandan vwayaj Depatman Sante a pou konnen ki règ ki aplike pou vwayaj yo.
- **Desann nan otèl.** Rete nan yon otèl olye ou rete kay moun. Si w gen moun ou te envite, sijere yo fè menm bagay la.
- **Pa kondui machin si w te bwè alkòl.** Byenke li bon pou w dòmi lakay ou, pa kondui machin pou rantre lakay ou si w te bwè alkòl. Deziyen yon moun pou l kondui. Epi tou, si se ou ki chofè yo deziyen an, lèfini ou te bwè twòp, pito mache, pran metwo oswa rele yon sèvis transpò nan machin.
- **Fè tès epi rete an karantèn apre yon vwayaj.** Si w te vizite yon lòt peyi oswa, nan pifò ka, yon lòt eta, w ap gen pou rete an karantèn lè ou retounen lakay ou. Gade egzijans eta New York sou karantèn pou vwayaj yo pou jwenn plis enfòmasyon.



Aktivite ou pa dwe fè menm:

- **Bo anba gi a:** Pa bo moun ane sa a, sof si se moun ou rete avè l la.
- **Pa voye ti flèch sou moun nèj gonflab vwazen an mete nan lakou a.** Mwen konnen ou ka vrèman anvi sa, men pa fè l.
- **Voye boul nèj pou batay ak moun kòm si se bezbòl ou t ap jwe.** Nèj pa mou lè l ap deplase a 95 mil pa èdtan.

Si w santi w about, si w gen anksyete oswa si w deprime, kontakte NYC Well, yon sèvis sipò sante mantal ki gratis, ki konfidansyèl e ki disponib 24 sou 24, 7 sou 7.

Rele 888-692-9355 oswa ale sou nyc.gov/nycwell.

